



Nou kontan prezante w Joy School English, yon kokenn chenn pwogram dijital ki sèvi ak plizyè santèn chan, videyo, liv ak jwèt entèaktif enteresan pou anseye angle ansanm e aprantisaj sosyal ak emosyonèl atravè anpil prensip ki bay karaktè. Nou pral sèvi ak nouvo pwogram sa a nan kourikoulòm lang lekòl la, epi ou ka kontinye pwolonje eksperyans aprantisaj sa a lè w telechaje aplikasyon an sou aparèy pèsònèl ou pou w ka itilize l' lakay ou tou.

Ou pare? Annale!




Li fasil pou w kòmanse! Swiv etap senp sa yo pou kòmanse itilize Joy School English lakay ou:

- 1 Telechaje aplikasyon **Joy School English** la nan magazen aplikasyon ou a.

Oswa, pou w' jwe sou yon òdinatè Chromebook, osawa Mac, itilize navigate Kwom lan epi ale nan play.joyschoolenglish.com

- 2 Ouvri Joy School English epi eskane kòd QR Joy School English ou a pandan w kenbe l devan kamera a sou aparèy ou an.

- 3 *Kounye a, ou pare pou w kòmanse !*



- Si w' pa gen gen yon kòd QR, klike sou tab vèt ki make **SCHOOL LOGIN** nan epi tape kòd klas ou a: _____.
- Prese **ENTER**, epi chwazi non elèv ou yo nan lis klas la.
- Fè pitit ou a konekte ak modpas sou fòm imaj ke yo fè l mete nan lekòl la (fòm + koulè + objè) epi deplase ikòn modpas la nan pòt la pou konekte epi kòmanse. Nou rekòmande ekri modpas pitit ou a yon kote pou w jwenn alavni. Si pitit ou bliye modpas li a, li ka mande pwofesè li a l'.

REMAK: Tanpri fè pitit ou a dekonecte aplikasyon an nan fen chak sesyon pandan l'ap tape bouton Pòz ki nan kwen anwo adwat la epi chwazi **Log Out**. Sa pral ede redwi pwoblèm ki gen rapò ak swivi pwogrè ant sesyon lekòl yo e sesyon lakay yo.



Jwe Joy School English

Aktivite yo

Pitit ou a pral jwe plisyè diferan kalite aktivite ki anseye angle epi sipòte aprantisaj sosyal ak emosyonèl. Sa yo varye soti nan videyo kout ki demontre vokabilè, ale nan egzèsis jwèt pratik yo, rive nan chante oswa lòt egzèsis pale, rive nan liv istwa ki ede fè sentèz fraz yo ak vokabilè yo te anseye yo. Aktivite yo anjeneral dire 1-2 minit epi yo entegre pale, konpreyansyon oral, alfabetizasyon prekòs, ak prensip.




Rekonesans vwa

Joy School English gen plizyè milye opòtinite pou l' fè pitit ou a pale! Souvan pitit ou a pral wè yon endikatè volim sou bò gòch ekran an—sa vle di ke pwogram nan ap koute epi li ap tann pou pitit ou a reponn. Yo ka bezwen èd ou pou kontwòle tan an oswa pou kenbe aparèy yo yon fason ki pa bloke mikwofòn nan. Plis aparèy la kaptire vwa pitit ou a lè l'ap pale, se pi bon rezilta yo ap ye.



Reyon myèl ak Rich la

Pandan pitit ou a reponn kesyon nan aktivite yo, ou pral souvan wè yo touche yon siwo myèl. Rekonpans sa pral antre nan Endikatè Reyon Myèl timoun nan ki sou bò dwat ekran an, li pral ranpli li ak myèl. Lè li rive nan anlè nèt la, pitit ou a ap genyen yon vwayaj pou ale nan rich la! Sa se yon espas rekonpans ki ranpli ak jwèt ansanm ak aktivite ki pase e ke timoun nan ka chwazi. Apre twa minit, timoun nan ap retounen nan wout aprantisaj nòmal la, menm si li ka kite rich la nenpòt lè.



Itilizasyon Chak Jou

Pou timoun nan laj sa a, Joy School English rekòmande 10-15 minit itilizasyon chak jou. Anviwònman pa defo pou itilizasyon chak jou a se dis aktivite (sa pa gen ladan l tan nan rich la), menm si pwofesè ou a ka chwazi yon limit diferan. Apre elèv ou a fin itilize kota chak jou li a, yo pral wè yon ekran ki di Good Job! Yo ka retounen nan wout aprantisaj nòmal yo demen, oswa antretan yo lib pou revize lè yo tape bouton Meni Revizyon an. Menm si elèv yo lib pou revize jwèt yo san limit, nou ankouraje paran yo pou yo pran avèk prekosyon itilizasyon aparèy elektwonik yo. Nou kwè ke tabli yon relasyon sante ekilibre ak aparèy elektwonik yo trè enpòtan.



Meni Revizyon

Elèv ou a ka aksede ak Meni Revizyon an apre li fin itilize kota chak jou li. Nenpòt aktivite ke elèv yo deja fin konplete pral disponib pou revizyon. Yo òganize aktivite sa yo an kategori pou paran yo ka konprann kijan kontni an entegre nan kourikoulòm jeneral la. Sa se yon bèl opòtinite pou timoun yo montre paran yo nouvo konpetans yo.

